

# WE ARE YOUR DOL



Depatman Ki Responsab Prensip Travay Yo

## Opsyon Avi Elektwonik

Ranpli fòmilè sa a si w ta renmen resevwa avi Depatman ki Responsab Prensip Travay la ap voye yo pa mwayen elektwonik.

§ 33. Sèvis avi. 1. Menmsi gen nenpòt lwa, règ, oswa règleman, chak fwa komisè a oswa komite a oswa nenpòt moun dispozisyon chapit sa a afekte dwe bay nenpòt moun yon avi alekri, yo dwe voye lèt sa a pa lapòs nan dènye adrès kote yo konnen moun nan gen biznis, yo ka pote l bay moun nan dirèkteman, oswa yo ka voye mesaj la pa mwayen elektwonik avèk otorizasyon moun nan dapre sou-seksyon de nan atik sa a. Si y ap voye avi a bay yon gwoup moun ki gen biznis ansanm, yo ka voye l bay nenpòt nan patnè yo, nan ka yon konpayi, yo ka voye avi a bay nenpòt direktè oswa ajan nan konpayi a, epi si se pou yon konpayi ki gen responsabilite limite, yo ka voye avi a bay nenpòt manm oswa ajan, kote yo ka fè yon envitasyon jan sa mansyone nan lwa ak règleman pratik sivil yo, oswa yo ka voye mesaj la pa mwayen elektwonik avèk otorizasyon moun nan dapre sou-seksyon de nan atik sa a. Yon patnè, direktè, ajan, manm, pwopriyetè, oswa yon moun ki nan menm kategori a ka bay otorizasyon pou nenpòt moun. Chak fwa gen yon lòd oswa yon demann ki sòti nan depatman an ki pou bay, yo dwe fè sa nan fason ki mansyone la a ki montre fason pou yo bay yon avi, pou yo bay yon moun ki gen laj apwopriye ak matirite e ki responsab lokal lòd oswa demann nan konsène a avi a, oswa yo ka voye mesaj la pa mwayen elektwonik avèk otorizasyon moun nan dapre sou-seksyon de nan atik sa a, oswa si yo pa jwenn okenn moun responsab, yo ka afiche yon kopi byen klè pou moun wè sou lokal la.

2. Pou itilizasyon atik sa a, yon moun oswa antite ki bay otorizasyon l pou l resevwa avi pa mwaye elektwonik, se yon moun yo fè konnen enskripsyon oswa anrejistremman an se yon bagay volontè e yo ka kontinye resevwa avi pa lapòs oswa sèvis pèsonèl jan sa mansyone nan atik sa a, men ki chwazi resevwa avi sa yo pa mwayen elektwonik sèlman pito.

Dat: \_\_\_\_\_

Non Biznis la/Non Biznis Kliyan an: \_\_\_\_\_

Nimewo ID Dosye a (si nimewo sa a disponib): \_\_\_\_\_

Non moun ki bay otorizasyon an: \_\_\_\_\_

Tit Moun ki bay otorizasyon an: \_\_\_\_\_

Chwazi Youn si sa Aplikab: Anplwayè Avoka  Anplwayè Kontab

Moun k ap fè plent la/Avoka Moun k ap fè reklamasyon an  Lòt: \_\_\_\_\_

Adrès Imel pou Resevwa Avi yo: \_\_\_\_\_

Dapre Atik 33 Lwa Travay Eta Nouyòk la, mwen chwazi volontèman e/oswa mwen aksepte resevwa avi Depatman Ki Responsab Prensip Travay ap voye yo pa mwayen elektwonik sèlman, mwen pa vle resevwa yo pa lapòs oswa lòt sèvis ki mansyone pi wo a.

Siyati moun ki bay Otorizasyon an: \_\_\_\_\_